




# HURUKURO PAMUSORO PEHUNHU HUNONZI UNZI 'MURUME CHAIYE' PAKUWANA PUNDUTSO MUKUSHANDISWA KWEMAPIRITSI EHUTACHIWANA HWEHIV

Kushandisa  
hurukuro  
munharaunda  
dzinobatsira  
vanhu kuti vaise  
misoro pamwe  
chete vafunge  
nekutora matanho  
maererano  
nemashandisirwo  
emapiritsi eHIV– se  
chombo



## Public Engagement Toolkit

© Biomedical Research and Training Institute, LSE  
Institute of Social Psychology

Written by Morten Skovdal, Catherine Campbell  
and Claudius Madanhire, Constance Nyamukapa  
and Simon Gregson

Drawings produced by Peter Strauli

Design: LSE Design Unit  
([www.lse.ac.uk/designunit](http://www.lse.ac.uk/designunit))

This booklet is produced with support from the  
LSE Higher Education Innovation Fund



**Knowledge Transfer:**  
Higher Education  
Innovation Fund

# ZVIRIMUKATI

## **Nhanganyaya 2**

Chinangwa chechinyorwa chino 3

Hurukuro dzemunharaunda 4

## **Chii chinonzi kuva murume chaiye? 6**

Maonero munharaunda pamusoro pekuva murume  
chaiye nezvehutano 7

Mibvunzo dzehurukuro 8

Mazano nezvisungo zvenyu 9

## **Kunzi murume chaiye kunotadzisa sei varume kushandisa mikana yekubatsira avo vane hutachiwana hweHIV? 10**

Gakava nezvimhingaidzo 11

Mibvunzo dzehurukuro 12

Mazano nezvisungo zvenyu 13

## **Kunzi murume chaiye kunotadzisa sei varume vemhuri kuti vashandise mapiritsi anobatsira vanehutachiwana hweHIV? 14**

Gakava nezvimhingaidzo 15

Mibvunzo dzehurukuro 16

Mazano nezvisungo zvenyu 17

## **Zvii zvinokwanisa kuitwa kuti tikunde zvipangaidzo izvi? 18**

Kunzwa nekuita 19

Kuronga zvekuita 20

Mazano nezvisungo zvenyu 21

NHANGANYAYA

# CHII CHINANGWA CHECHINYORWA CHINO?

Chinyorwa chino chinoratidza zvakabuda muongororo yakaitwa mudunhu remanicaland muZimbabwe. Ongororo ino yaitarisa tsika nemagariro (social factors) evanhu dzinokwanisisa kana kutadzisa vanhu kuti vashandise mapiritsi ehutachiwana hweHIV mumaruwa.

Imwe pfungwa huru yakabuda yaiva yekuti pfungwa dzevanhurume pamusoro pekunzi 'murume chaiye' dzaive dziine chekuita zvakanyanya nekushandiswa kwemikana inobatsira vane hutachiwana nekushandisa mapiritsi ehutachiwana hweHIV.

Chinangwa chechinyorwa chino ndechekubudisa pachena zvatakaona muongororo yedu. Tinokurudzira vari munharaunda nevashandi vezveutano kuti vafunge nzira dzinoita kuti mazwisisiro ekuti kunzi murume chaiye asave mhingaidzo mukukwanisa kushandisa mikana nemapiritsi ehutachiwana.

Zvisungo nezvekuita zvinenge zvaburitswa nevagari vemunharaunda zvinoda kuti zvizoviswa kune vana mazvikokota vezve budiriro nemagariro emunharaunda, vana hutsanana nemapazi anoshanda pamwe chete nehurumende pamwe nenyanzvi dzedzidzo. Izvi zvinoitirwa kubatsira zvisungo zvichaitwa nehurumende uye nemapazi epasi rose.





# CHII CHINONZI HURUKURO DZEMUNHARAUNDA?

Hurukuro dzemunharaunda dzinopa mukana unoita kuti vanhu vakurukure vachirodza pfungwa vachitarisa zvakadzama zvimhingaizvo zvinoita kuiti mamwe mapoka evanhu asarurwe. Muchinyorwa chino manzwisisiro ekunzi murume chaiye anotadzisa kana kukwanisisa varume kuti vashandise mikana yezvinobatsira avo vanorarama nehutachiwana hweHIV. Tinoda kuti pamwe chete muuye nemazano nezvisungo zvinounza shanduko.

Pfungwa yehurukuro munharaunda inobva pakuti hurukuro inobatsira vanhu kuti vaone zvakana nezvakakosha zvetsika nemagariro avo pamwe nekuonazve tsika nemagariro dzinotadzisa vanhu kuti vafambire mberi nebudiriro.

Hurukuro munharaunda dzinokoshesa zvikuru uye nekupa chiremera chakadzama muruzivo, mazano ekuvaka, pamwe nezviwanikwa nekukwanisa kwevanhu vemunharaunda mukuunza shanduko yakanaka muupenyu hwavo.

## Chombo chehurukuro dzemunharaunda chinobatsira kuunza:

- Kuteerera
- kutaura
- kugamuchirwa
- kupana rukudzo
- Kubvumirana kana kupokana muzvakanaka
- Kurodza pfungwa vachitsvaga mazano anounza shanduko munezvekuita



CHII CHINONZI  
KUYA MURUME  
CHAIYE?

# CHII CHINONZI KUVA MURUME CHAIYE?

zvinoreva hunhu nemaitiro evarume anoita kuti vanzi 'murume chaiye'. Aya ndiwo mamwe emaonero ekunzi murume chaiye:

- Kunzi murume chaiye zvinobva patsika nemagariro sevanhu kubvira pasichigare.
- 'Murume chaiye' akasiyana pazvose kubva kumunhukadzi.
- 'Murume chaiye' ane moyo wakaoma, ane muviri unoratidza kusimba, anehukasha, uye haangonzwi tsitsi kana kuratidza kurwadziwa uye haacheme.
- Tsika nemagariro zvinopakukosha kuvarume ndokusaka varume vanesimba uye vachikwanisa kutonga vanhukadzi.
- Zvimwe zvinobuda mukuva 'murume chaiye' kukwanisa kutonga nekutungamira vamwe varume vasiri varume chaivo. Zvinobudawo zvekare mukuva murume chaiye kukwanisa kuita kuti vanhukadzi varambe varipasi pevanhurume pazvinhu zvose.

Zvisineyi, kunzi murume chaiye kunoshanduka nekufambawo kwenguva uye manzwisisiro emavara aya anotisiyanei nenzvimbo. Nekudaro, zvinobva zvatiratidza kuti kunzi 'murume chaiye' zvinobva pane zvinenge zvichifungwa nevanhu munguva iyoyo uye nemuzvimbo dzevari. Kunzi murume chaiye hachisi chinhu chisingashanduke. Saizvozvo zvinobva zvatipawo mukana wekukurukura nekuongorora pamwe nekuchinja maonero akaipa uye anokuvadza papfungwa yekunzi 'murume chaiye'.





# RUZIVO RWEMUNHARAUNDA MAERERANO NEHURUME UYE NEHUTANO


Varume pavano zama kurarama vachiedza kuzadzisa kuvamunhurume sekunzwisisa nemaonero emunharaunda, vamwe vanopedzisira vararama munzira dzinounza njodzi kuhutano hwavo pamwe nehwehuri dzavo.

Semuenzaniso, varume vanokwanisa...

- Kusarudza kusateerera mashoko anokurudzira kuva nehutano hwakanaka.
- Kushaya hanya nezvehutano hwavo.
- Kuva nerutendo rwekuti murume chaiye haarware.
- Kuramba kuenda kunoonekwa nachiremba.
- Kuita kusina hanya uye kunokuvadzisa.

Pfungwa dzirimunharaunda pamusoro petsika nemagariro evanhu zvakanangana nekuvamunhurume dzinokwanisa kukuvadzisa vanhu uye nekuparadza iye 'murume chaiye' pamwe nemhuri yake nekuda kwe:

- Kuita zvinhu usingacherechedzi kukosha kwehutano (semuenzaniso kurara nevanhu vakasiyana- siyana pasina kuzvidzvirira).
- Kutadza kushandisa mikana iripo inobatsira avo vanorarama nehutachiwana nevasina.



# MIBVUNZO DZEHURUKURO

## Munharaunda menyu...

- Ndeipi misayano iripo pakati pevarume nevakadzi?
- Ndeupi hunhu hwe 'murume chaiye'?
- Hunhu 'hwemurume chaiye' hunopesana papi nekurarama hupenyu hunehutano?
- Pane maonero akasiyana here pamusoro pekuva 'murume chaiye'?

## Senharaunda...

- Zvii zvamunokwanisa kuita kushandura mafungiro akaipa ekuva 'murume chaiye'?





KUNZI MURUME  
CHAIYE  
KUNOTADZISA  
SEI VARUME  
KUSHANDISA  
MIKANA  
INOBATSIRA  
NEZVEKUVA  
NEHUTANO  
HWAKANAKA?

# VARUME NEMIKANA INOBATSIRA VANORARAMA NEHUTACHIWANA NEVASINA KUTI VACHENGETE HUTANO HWAKANAKA

Mudunhu reManicaland nedzimwe nzvimbo dzakakomberedza dzemusub -Saharan Africa, varume havawanzo ...

- ongororwa kuti vaonekwe kana vanehutachiwana hweHIV here kana kwete;
- pinda muchirongwa chinopa mapiritsi anobatsira vanehutachiwana hweHIV; uye
- nekutevedzera dzidziso dziripo dzavanamazvikokota maererano nekuchengetedza nguva dzekunwa mapiritsi pamwe nekukoshesa kuramba vari pachirongwa chemapiritsi.

## **Gakava nezvimhingaidzo**

Maonero emunharaunda pamusoro pekuva 'murume chaiye', anoratidza pfungwa dzekuti murume chaiye akasimba, ari pamusoro pezvinhu zvose, haarware, murume anorara nevakadzi vakawanda, murume anoshandira mhuri yake. Sezvo hutachiwana hweHIV neAIDS huchitadzisa varume kuti vave 'varume chaivo', varume vanobva varamba kuti hakuna mukondombera weAIDS.

Zvinotaurwa munharaunda maererano nekuva murume chaiye nekutya mukondombera kana chirwere cheAIDS zvinopokana nezvinotarisirwa nevanamukoti, kubva kune varume vanorarama nehutachiwana uye vanofanirwa kunge vachipihwa mapiritsi anobatsira vanorarama nehutachiwana hweHIV. Vanamukoti vanoda kuti ...

- Varume vabvume utera hwavo pamwe nekuti vane HIV here kana kuti kwete, pamwe nekutora hanya nehupenyu hwavo.
- Varume vaende kuchipatara- nzvimbo inoendwa nevakadzi chaizvo.
- Varume varegedze mabasa ekurara nevakadzi vakawanda-wanda kunze kwemukadzi wavakaroorwa uye nekushandisa zvekuzvidzimirira pamwe nekuregedza kuraradza nehwahwa.



# MIBVUNZO DZEHURUKURO

## Munharaunda menyu...

- Varume vanoona AIDS sei?
- Varume nevakadzi vanemaonero mamwe chete here echirwere cheAIDS? Nei uchifunga sekudaro?
- Ndeapi maitiro evarume anounza njodzi kuhutano hwavo?
- Varume vanotya here kuongororwa kuti vane hutachiwana hweHIV kana kwete? Nei zvichidaro?
- Varume vanorarama nehutachiwana hweHIV vanedambudziko here nekuchengetedza chironzwa chekunwa mapiritsi? Nei zvichidaro?
- Wakamboona here shanduko mumaonero ekunzi 'murume chaiye'? Uye shanduko iyi inobatsira varume here nekuchengetedza chironzwa chekushandisa mapiritsi?

## Senharaunda...

- Ndezvipi zvamungaite kukurudzira varume kuti vashandise mikana nebatsiro dziripo dzinopihwa avo vanorarama nehutachiona hweHIV nevasina, uye kuti vanorarama nehutachiwana vakwanise kushandisazvakarurama mapiritsi anobatsira avo vanorarama nehutachiwana hweHIV?



KUNZI MURUME  
CHAIYE  
KUNOTADZISA SEI  
VAMWE VEMHURI  
KUTI VASHANDISE  
MAPIRITSI  
ANOBATSIRA VANE  
HUTACHIWANA  
HWEHIV?

# VARUME NEMHURI DZAVO

Kukwanisa kubvuma kwevarume, kushandisa mikana iripo inobatsira vane hutauchiwana hweHIV nevasina kunoyamura ivo varume pamwe chete nevakadzi nevana vavo.

Muongororo dzakaitwa zvakaonekwa kuti kushaiwa hanya kwevarume mukushandisa mikana inobatsira vano rarama nehutachiwana nevasina kunotadzisa kuti vakadzi vanyatsoshandisawo mikana mukuzvibatsira ivo nevana.

## Gakava nezvimhingaizvo

Muongororo yedu, mudunhu reManicaland, zvakaonekwa kuti mukushaiwa hanya kwevarume nekusatambira kuvepo kwechirwere cheAIDS, zvinotadzisa madzimai kuti vanyatsoshandisa mapiritsi anobatsira vanehutachiwana hweHIV pakuti:

- Vakadzi vanotadziswa kutaurira varume vavo kuti vane hutachiwana hweHIV, uye vamwe vavo vanopedzisira vonwa mapiritsi nerweseri zvingazivikanwi nemurume izvo zvine njodzi yekuti madzimai aya anobva atadza kuchengetedza hurongwa hwakapiwa navana mazvikokota vezvehutano pamusoro pekunwiwa kunoitwa mapiritsi aya.
- Vanhukadzi vanobva vashaya wepedyo vavanoshanda navo mukushandisa mapiritsi aya.
- Madzimai pane dzimwe nguva vanorambidzwa nevarume vavo kuti vatore mapiritsi aya.
- Vamwe varume vanoba mapiritsi evakadzi vachizvishandisirawo chinyararire.



# MIBVUNZO DZEHURUKURO

## Munharaunda menyu...

- Vanhurume vanotadzisa kana kukwanisisa sei vakadzi kuti vashandise mapiritsi anobatsira avo vanorarama nehutachiwana hweHIV?
- Vanhurume vanotadzisa kana kukwanisisa vana sei, kushandisa mapiritsi anobatsira vane hutachiwana hweHIV?
- Kutadzisa vamwe kuti vashandise mapiritsi kunoenderana sei nemaonero emunharaunda menyu pamusoro pekunzi 'murume chaiye'?

## Senharaunda...

- Ndezvipi zvamungaite kukurudzira varume kuti vave vachitambira pamwe nekubatsirana nevamwe vemumhuri vanorarama nehutachiwana hweHIV?







NDEZVIPI  
ZVINGAITWA  
KUKUNDA  
ZVIMHINGAIDZO  
IZVI?

# KUBVA MUKUFUNGA KUENDA MUKUITA

Zviwanikwa zveongororo ino, zvinokurudzira kuti manzwisisiro ekuti 'murume chaiye', anofanirwa kuti agadziriswe kuitira varume vakwanise kushandisa mikana inobatsira vanorarama nehutachiwana nevasina pamwe nekushanda nevamwe vemhuri vano-rarama nehutachiwana hweHIV.

Zvipatara nemakiriniki zvinokurudzirwawo kuti zvicherechedze zvimhingaidzo nekutya kungadaro kuri muvamwe varume zvichizotadzisa kuti vashandise mikana yebetsero izvo zvinozo tadzisazve madzimai kunyatso shandisa mapiritsi anobatsira vanorarama nehutachiwana hweHIV.

Zvinonyanya kuda kutsindiridzwa...

- Kukwanisa kupa varume mikana yekutaurirana vakasununguka uye kuita matare nem-apoka pavanotaura vachibatsira kuchinja maonero anokuwadzisa pakunzi 'murume chaiye'.
- Kuwedzera zvirongwa zvinosvikira varume nekutaurirana navo pamusoro pezva-vanotywa uye nezvimhingaidzo zvingavepo pakunzwisisa kwavo nezvehutachiwana hweHIV/AIDS uye nekuvaita kuti vatore matanho anounza shanduko inovabatsira pamwe nemhuri dzavo.
- Kukurudzira murume nemukadzi kuongororwa kuti vanehutachiwana here kana kuti kwete uye nekukurudzira varume kuti vaendekuzvipatara nemadzimai avo apo vanenge vakazvitakura.
- Kuita kuti pave nezvipatara uye nemikana inobatsira yakanangana nevarume chete.



# KUTSVAGA ZVEKUUITA ZVINOSIMUDZIRA TSIKA NEMAGARIRO EVANHU

## Kuumba bumbiro rezvekuita

Muchicherechedza izvo zvataurwa muchinyorwa chino, ndedzipi nzira seboka revanhu dzamunga kunda nadzo zvimhingaidzo nemakakatanwa aburitswa pachena?

1. Isai pfugwa pamwechete muchitsvaga nzira nezvamungaita kukunda zvimhingaidzo.
2. Kurukurai muchiona kusimba, nekushomeka, nemikana, uye nezvingatadzisa mazano amapa. Pamusoro pezvo, rongai mazano aya zvichienderana nekukosha kwavo.
3. Gadzirai bumbiro rezvekuita maererano nerimwe rezano ramaona, muchiburitsa:
  - Nderipi dambudziko ramunoda kukunda nebasa iri?
  - Chi chinangwa chebasa iri?
  - Ndezvipi zvamurikuronga kuita?
  - Ndivanaani vamakananga?
  - Basa iri richaitirwa kupi?
  - Muchada zvekushandisa zvakadii pabasa iri?
  - Ndivananai vanenge vari varidzi vebasa iri?

PROBLEM	OBJECTIVE	ACTIVITIES	TARGET	LOCATION	TIME FRAME	RESOURCES	PERSONS RESPONSIBLE











